Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Ирылæппутæ!..

# ИУДЗИНАД

Форум осетинских фамилий

№ 12 март 2026 года
№ 12 2026 азы тæргæйтты мæй

Газета Северо-Осетинского республиканского общественного движения "Иудзинад"
Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы газет

## Номыры кæсут:

4 ÆРКАСТ «Ирон дæн æз»
6 УДВАРН Рæстæйы бæрæгбон
8 ТАУРÆГЪ Куыцыччы хъысмæт

«Иудзинад»-ы хъæппæрис

# «Чи уадздзæн мæ дугъы йæ бæх...»

Ирон литературæйы бындурæвæрæг, публицист, нывгæнæг Хетæгкаты Къостайы амардыл апрелы сæххæст уыдзæн 120 азы. Фæлæ Къостайы ном абон дæр цæры æмæ цæрдзæн нæ адæмы зæрдæты, æнустæм табуйаг уыдзæн алкæцы иронæн дæр.



Йе 'мдзæвгæтæй иу – «Æнæ хай»-ы поэт фыста:

«Кæй чызг мыл ыскæндзæн зæрдæхалæн хъарæг,
Кæй кæуынæй риздзæн къæдзæх,
Кæй фæндыр ысцæгъддзæн мæ иунæджы зарæг,
Чи уадздзæн мæ дугъы йæ бæх?..»

Æмдзæвгæйы фæстаг рæнхъытæ сæ зæрдæмæ хæстæг айстой Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы уæнгтæ. Чи зоны, æцæгæйдæр, бæллыд номдзыд поэт æмæ йæ адæмы сæрхъуызой, цæмæй мæлæты фæстæ йæ номыл дугъ ауадзой, уымæ...




«Иудзинад»-ы совет йæ хъæппæрис рахаста æхсæнады размæ: ацы аз апрелы, Къостайы мæлæты бонмæ, дугъ саразын. Нæ рагфыдæлты æгъдаумæ гæсгæ, хуыздæрты зынаргъ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй схорзæхджын кæнын. Уыцы фарстайы фæдыл цæлхæмбырдмæ «Иудзинад»-ы кусæнуатмæ æрбахуыдтой Хетæгкаты мыггаджы минæвæртты, нæ республикæйы министрадтæ æмæ ведомствæты бæрнон кусджыты, æхсæнадон иугæндты уæнгты.

«Иудзинад»-ы советы номæй раныхас кодта **Туаты Алан.**

– Нæ фембæлды сæйраг нысан у Къостайы кад æмæ номæн балæггад кæнын. Фæндон хæссæм, цæмæй иумæйагæй ахъуыды кæнæм, куыд аивдæрæй арвитæм Къостайы мысæн бон. Ирон æгъдаумæ гæсгæ, дугътæ уагътой æвæрæн бон. Къостайæн уый уыдис 120 азы размæ, 4 апрелы, æмæ мах фæндон хæссæм, цæмæй йæ уыцы бон скæнæм. Куыд зонæм, афтæмæй Къостайæн комкоммæ байзæддæгтæ нæ баззад, æрмæст йæ мыггаг. Хетæгкатæй курæг стæм, цæмæй ацы хъуыддаджы нæ фарсмæ æрбалæууой, – загъта Алан.

Уыцы хъуыдыимæ бынтон разы нæ уыдис ахуыргонд, æхсæнадон архайæг, Хетæгкаты Къостайы номыл национ наукон-культурон центры разамонæг **Æлборты Иван.**

– Къоста æрмæст мыггаджы нæ, фæлæ æппæт ирон адæмы, Ирыстоны лæг уыдис. Алцæуыл хорз ахъуыды кæнæм, цæмæй нæ хъуыддæгтæ адæмы зæрдæмæ фæцæуой, – загъта Æлборы-фырт.

Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар **Хозиты Барис** фæбæрæг кодта, амынд хъæппæрисы фæдыл кусæг къорд саразын кæй хъæуы, уый.

– Йе 'ххуысы хай Къостайы ном скадджын кæныны хъуыддагмæ чи хæссы, уыцы æцæг патриоттæй иу у æхсæнадон архайæг Лалыты Левæ. Алы районы дæр йæхи хардзæй гом кæны Къостайы бюсттæ. Хæстæг дæр рæстæг поэты цыртдзæвæн фæзындзæн Кировы районы дæр... Къостайы «Ирон фæндыр»-ы тыххæй кæм цы æрмæджытæ мыхуыр кодтой дунейы, уыдон 10 азы бæрц фембырд кодтон. Ацы чиныг мыхуыры куы рацæуид, уæд дзы æхсызгонæй пайда кæниккой ахуыргæнджытæ, скъоладзаутæ. Уæдæ, дугъы архайджытæн дæр хорз лæвар уаид, – загъта Хозийы-фырт.

Дарддæр раныхас кодта «Иудзинад»-ы советы уæнг **Мæрзойты Тамерлан**.

– Мах бæллæм хорздзинæдтæ, æфсымæрдзинады хидтæ аразынмæ. Цы хъуыды нæм ис, уый адæмы иудзинадыл, хъомыладон куыстыл комкоммæ фæзындзæн. Бахъуаджы рæстæг хъуамæ кæрæдзимæ æнгом балæууæм... Историон æрмæджыты, æнæмæнг, фыст уыдзæн, дугъ куыд уагътой æмæ алы лыстæг хъуыддагмæ дæр æркæсæм, уымæн æмæ Къоста цард ирон æгъдаумæ гæсгæ, – загъта Мæрзойы-фырт.

Алы мыггаджы дæр ис разагъды адæймæгтæ, бæрнондзинад уыдоныл ис. Мыггаджы хистæрты номæй йæ хъуыдытæ загъта **Хетæгкаты Мурат**, ацы хъуыддаджы фæсте кæй не 'рлæудзысты, уымæй ныфс бавæрдта.

Æмбырды ма раныхас кодтой «Иудзинад»-ы советы уæнгтæ **Цгъойты Тамерлан** æмæ **Байсонгъуырты Мухтар,** стæй фембæлды иннæ архайджытæ дæр загътой сæ хъуыдытæ.

Цæлхæмбырды архайджытæ, сæ куыстæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, уынаффæ рахастой дзыллон информацийы фæрæзты æххуысæй хабар рапарахат кæнын, цæмæй ирон адæм сæ хъуыдытæ æмæ фиппаинæгтæ зæгъой. Кусæг къорды сконд сфидар кодтой æмæ йын бахæс кодтой алы лыстæг фарстамæ дæр бæстон æркæсын.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Поэзийы фестиваль

# «Ирон фæндыр»-ы удварны

Дыккаг хатт уыд нæ республикæйы поэзийы дунеон фестиваль «Ирон фæндыр». Бындур æвæрд ын æрцыд 2024 азы Уæрæсейы Фысджыты цæдисы цæгатирыстойнаг хайад æмæ æхсæнадон организаци «Иудзинад»-ы хъæппæрисæй. Уæд поэзийы бæрæгбон сарæзтой октябры мæйы Хетæгкаты Къостайы райгуырды 165 азы кадæн. «Ирон фæндыр» цымыдисаг, зæрдæмæдзæугæ æмæ пайдайаг рауад – саккаг æм кодтой бирæ уазджытæ Уæрæсейы алы регионтæй. Уæд хаст æрцыд уынаффæ, поэзийы ацы бæрæгбон æрвылазон скæныны тыххæй дæр…

Фестивалы фæлгæты Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты, Евгений Вахтанговы номыл Уырыссаг академион театр æмæ Хæлардзинады республикон хæдзары сарæзтæуыд æртæ поэтикон æмбрдгонды презентацитæ. Уыдоны нымæцы: Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи хæцыд, уыцы ирон поэтты уацмыстæ уырыссаг æвзагмæ тæлмацæй «В живом строю», поэт, ахуыргонд, æхсæнадон архайæг Джыккайты Шамилы æмдзæвгæтæ уырыссаг хорз аргъ скодтой чиныгкæсджытæ, РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдиста сæ схорзæджын кодта зындгонд ирон поэт æмæ тæлмацгæнæг Плиты Грисы номыл майдантæй.

Уæрæсейы Фысджыты цæдисы бæрнон секретары хæдивджытæ Валерий Латынин æмæ Нинæ Поповайы арфæтæ, фыццагдæр, баст уыдысты республикæйы фысджыты сфæлдыстадон иугонды 100 азимæ. Раныхасгæнджытæ разыйæ баззадысты, фестиваль «Ирон фæндыр» зæрдæзæгъгæ, поэтиконрухстауæн хъæздыг æнкъарæнтæй хъомысджын кæй рауад, уымæй. Арфæтæй уæлдай, фестиваль цæттæгæнæг къорды минæвæрттæн саккаг кодтой Василий Шукшины номыл майдантæ æмæ Уæрæсейы Фысджыты цæдисы кады гæххæттытæ. Хæрзиуджытæ æмæ лæвæрттæ радтой сыхаг кавказаг регионты фысджыты иугæндты минæвæрттæн дæр.




Ацы хатт фестиваль саразджыты фарсмæ æрбалæууыдысты æхсæнадон змæлд «Уæрæсейы æнæмæлгæ полкъ»-ы регионалон хайад æмæ Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университет. Афтæмæй сырæзыд ноджы егъаудæр æмæ минæварджындæр литературон-рухстауæн æмбырд. Фестивалы мадзæлттæ уыдысты 2025 азы 13-17 октябры.

Æнæмæнг, «Ирон фæндыр»-æн стыр ахадындзинад ис ирон литературæйы райрæзты хъуыддаджы. Уыимæ, фестивалы фадæттæ уæрæх сты, цæмæй нæ ирон поэттæ æмæ фысджыты сфæлдыстадимæ дунейы адæмтæ бæстондæр зонгæ кæной…

Фыццаг «Ирон фæндыр» баст уыд æнæмæлгæ Къостайы радон юбилеимæ, дыккаг фестиваль та – Цытджын Уæлахизы 80 азы кадæн. Уыимæ, фестивалы программæ уыд хъæздыг æмæ бирæвæрсыг: пресс-конференци дзыллон информацийы фæрæзты минæвæрттæн, Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сарæзты 100 азы кадæн æмбырд, Хетæгкаты Къоста æмæ Джыккайты Шамилы номарæн мадзæлттæ, балцытæ республикæйы зæрдылдарæн бынæттæ æмæ Къостайы райгуырæн хъæу Нармæ… Программæйы сæрмагонд бынат уыд Гæздæнты авд æфсымæры, Петр Барбашовы, хæсты иннæ хъæбатырты мемориалтæн – фестивалы архайджытæ сын «рухсаг ут», зæгъгæ, загътой, дидинджытæ сын сæвæрдтой сæ цыртдзæвæнтыл…

Цæгат Кавказы республикæтæй, Мæскуы æмæ æндæр уæрæсейаг регионтæй нæм фестивалмæ цы бирæ уазджытæ сæмбæлд, уыдонæн уæлдай цымыдисагдæр уыдысты ахæм балцытæ республикæйы районтæм, федтой Ирыстоны алæмæты æрдзы рæсугъддзинад, æввахсдæр базонгæ сты йæ адæмимæ…

æвзагмæ тæлмацæй «И скорбь, и ярость, и любовь…» æмæ Дагестаны адæмон поэт Магомед Ахмедов æмæ йæ фырт Мурад Ахмедовы æмдзæвгæтæ ирон æвзагмæ тæлмацæй «Фыд æмæ фырт». Уыцы чингуытæй уæлдай, мыхуыры рацыд, скъоладзаутæ Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайджыты тыххæй цы сфæлдыстадон куыстытæ ныффыстой, уыдоны æмбырдгонд дæр.

Кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм чингуытæ бацæттæ кæныныл бирæ фæллой ис. Æмæ уыцы куыст сæхимæ райстой нырыккон литературæйы зындгонд архайджытæ, тæлмацгæнджытæ **Юрий Щербаков, Валерий Латынин, Маринæ Ахмедова-Колюбакина, Нинæ Попова, Андрей Расторгуев, Нинæ Ягодинцева, Наталья Куличенко, Геннадий Калашников, Аннæ Токарева, Наталья Тимофеева, Миясат Муслимова** æмæ иннæтæ. Уыдоны зæрдиаг куыстæн

Цæгат Ирыстоны фысджытæн сæ иугонды юбилейы кадæн арфæйы фыстæджытæ сæрвыстой Уæрæсейы Фысджыты цæдисы фыццаг секретарь, УФ-йы Президенты æххуысгæнæг **Владимир Мединский**, «Литературон газет»-ы сæйраг редактор **Максим Замшев**, æндæр æхсæнадон архайджытæ…

**СЛАНТЫ Аслан**

# Балц Нармæ…

Къостайы райгуырæн бон – 15 октябры фестивалы архайджыты стыр къорд араст кодта Нармæ. Ирыстоны уазджыты се 'ппæты дæр фæндыд фенын поэты райгуырæн уæзæг – Нары хъæу.

Уæлладжыры комы фæндæгтыл цæугæйæ, стыр цымыдисæй фæлгæсыдысты Ирыстоны хæдбындур æрдзы скондыл. Цъитиджын хæхтæ æмæ къуыбыртæ фæззæг йæ алыхуызон ахорæнтæй афтæ саив кодта, æмæ сæ уындæй лæджы цæст не 'фсæст, уæлдайдæр – сфæлдыстадон адæймагæн, уымæн æмæ уыцы нывтæ сæ уæлтæмæны «суадон» сты.

Фысджытæ сæ телефонтæм истой нæ æрдзы рæсугъддзинад, Национ музейы сæргълæууæг **Цуциты Асланы** фырт **Зелим** та уазджытæн дзырдта комы хъæуты равзæрд æмæ æндæр историон бынæтты тыххæй цымыдисаг хабæрттæ…

Мызуры делегацийы къордыл амбæлдысты нæ фермерон хæдзарæдты фæллойгæнджытæ. Фыййæуттæ хохы сæрдыгон хизæнтæй раскъæрдтой быдырмæ сæ фысты дзугтæ æмæ стурты рæгъæуттæ. Фысджытæм диссаг фæкаст, абон ма фосы хæдзарæдтæ Уæрæсейы кæй ис, уый. Валерий Латынин та радзырдта, йæ мыггаджы уидæгтæ Ирыстонимæ баст кæй сты, уый тыххæй.

– Мæ фыд Анатолий райгуырд Дæллаг Санибайы, фæлæ йæ хъысмæт афтæ рауад, æмæ Ирыстонæй йæ цæрæн бынат аивта. Æз Ирыстон бирæ уарзын, зæрдæбын аргъ кæнын ирон адæмæн, йæ рагон хъæздыг æгъдæуттæн. Бирæ хæлæрттæ мын ис республикæйы, ардæм куы сæмбæлын, уæд мæ хионы хуызæн сбуц кæнынц. Сæрыстыр дæн, Пушкин, Толстой æмæ Лермонтовæй уæлдай, ма мын кæй ис Къоста дæр, уымæй, – загъта фыссæг.

→ 3

# Хъæлæс дæрдтыл айзæлд…

2 ←

Уæдмæ фæндаджы уæлбылæй разынд Нар дæр. Къостайы хæдзар-музейы уазджытæ дидинджыты бæстытæ сæвæрдтой поэты цыртдзæвæны раз, стæй æрзылдысты музейы æртæ уæладзыгыл дæр. Гид сын бæстон фæдзырдта поэты царды хабæрттæ, уæды рæстæджыты адæм æхсæны æмæ хæдзары куыстыты цы дзауматæй пайда кодтой, тызмæг хæххон уавæрты мæгуыр адæм куыд хъизæмар кодтой, уыдæтты фæдыл. Бирæ фарстатæ лæвæрдтой фысджытæ гидмæ, фылдæр – Къостайы мад Марийæйы тыххæй. Поэты мады хуызист сæ алкæй зæрдæ дæр бацагайдта. Йæ хæрзуынд æмæ хæрзкондæй дзы сæ цæст нæ истой, афтæ йæм нымдзаст сты. Уæлдайдæр ма, хуызисты бын Къостайы æмдзæвгæйæ рæнхъытæ мады тыххæй уырыссагау куы бакастысты, уæд дзы бирæтæн сæ цæссыгтæ æркалдысты. Æмæ кæд, Нармæ цæугæйæ, фысджытæ хъæлдзæгæй араст сты, уæд, фæстæмæ здæхгæйæ та, бирæтæн сæ мидбылхудт æрбайсæфт, арф хъуыдыты ацыдысты… Къостайы хъысмæт уыд иудадзыг сæ ныхас.

Сæрмагондæй зæгъын æмбæлы, фестивалмæ фæсарæнтæй чи ‘рбацыд, уыцы кадджын уазджытæй иуы тыххæй. Дард Индийæ нæм саккаг кодта профессор, дохтыр-гомеопат **Афсане Мотивали**. Афсане кæд поэт нæу, уæддæр тынг æмхиц у литературæ æмæ поэзимæ, кæсы дунейы алы адæмты фысджыты уацмыстæ. Йæ зæрдæ йын бацагайдта Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад дæр.







– «Ирон фæндыр»-ы æмдзæвгæтæ нæхимæ Индийы фыццаг хатт куы бакастæн, уæд мæ тынг æрфæндыд, поэт цы адæмыхаттæй у, уыдоны фенын, йæ Райгуырæн бæстæ йын бабæрæг кæнын, æмæ мын ныр – табу Хуыцауæн! – фадат фæци. Къостайы царды хабæрттæ Ирыстоны бæлвырддæр базыдтон, суанг ма мæ зæрдæ дæр суынгæг йæ зын æмæ мæгуыр хъысмæтæй. Фæлæ зонын, æппæт дунейы дæр стыр æмæ зындгонд адæймæгтæн сæ хъысмæт арæх æнамонд æмæ уæззау кæй разыны, уый. Къоста дæр Рабиндранат Тагоры хуызæн тох кодта мæгуыр адæмы сæрыл. Болгарийы Намысы аллейы федтон цыртдзæвæнтæ дунейы хуыздæр фысджытæ æмæ поэттæн, æдæппæтæй дæс адæймагæн, æмæ се ‘хсæн ис бюст Хетæгкаты Къостайæн дæр. Ирон поэты ныхæстæ: «Весь мир – мой храм, Любовь – моя святыня, Вселенная – Отечество мое»-йы фæстæ æз сæрбæрзондæй зæгъдзынæн, Къоста мах дæр кæй у, уый, – радзырдта Афсане Мотивали.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

РЕДАКЦИЙÆ: поэзийы бæрæгбоны фондз боны кæд дæргъвæтин нæ уыдысты, уæддæр рауадысты пайдайаг æмæ хъæздыг алыхуызон зæрдæмæхъаргæ фембæлдтытæй, балцытæй, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, нæртон фынгтæй дæр…

Дызæрдыггаг нæу, фестивалы алкæцы архайæг дæр ирон адæмы уазæгуарзондзинады тæваг кæй банкъардта, йæ уды рæбыны Ирыстонæн сæрмагонд бынат кæй скодта, уый. Æмæ æрмæст уый нæ.

Ныридæгæн ма скæнæн ис ахæм хатдзæг дæр. Дыккаг «Ирон фæндыр» ирдæй равдыста: поэзийы ацы бæрæгбонмæ цымыдисдзинад, куыд республикæйы, афтæ иннæ регионты дæр кæй рæзы, литературон кусджыты архайд ирон поэтты уацмыстæ æндæр æвзæгтæм тæлмац кæныны хъуыддаджы ахадгæдæр кæй кæны, Уæрæсейы иннæ адæмты минæвæртты уацмыстæ дæр иронау мыхуыргондæй фылдæр кæй фесты, уый… Иу ныхасæй, «Ирон фæндыр»-ы хъæлæс дæрдтыл айзæлд…

*Ӕрыгӕтты ӕрмдзӕф*

# Ӕркаст «Ирон дӕн ӕз»:

**Нӕ фидӕн ӕмӕ ныфс сты фӕсивӕд, нӕ кӕстӕртӕ. Уыдонӕй аразгӕ уыдзӕн нӕ сомбон, фидӕны уыдонмӕ кӕсы мадӕлон ӕвзаг ӕмӕ фыдӕлты фӕрныг ӕгъдӕуттӕ хъахъхъӕнын ӕмӕ сӕ дарддӕры фӕлтӕртӕм сыгъдӕгӕй хӕццӕ кӕныны хӕс. Уыцы ахсджиаг хъуыддӕгтыл иудадзыг у сӕ сагъӕс ӕхсӕнадон змӕлд «Иудзинад»-ы уӕнгтӕн, уыцы арфӕйаг нысантыл ӕвӕллайгӕйӕ кусынц... Ахӕм ӕппӕтвӕрсыг архайдӕн ма иу цӕвиттон у, «Иудзинад»-ы хъӕппӕрисӕй ӕрвылаз цы республикон конкурс-ӕркаст «Ирон дӕн ӕз» арӕзт ӕрцӕуы, уый дӕр. Тъӕнджы мӕйы бонтӕй иуы Фӕсивӕды галуаны уыд ӕркасты радон кӕронбӕттӕн.**





Ацы хатт ерысы бацыдысты, Дзӕуджыхъӕу ӕмӕ хъӕууон районты ӕмвӕзадыл ерысты ӕнтыстджындӕр чи разынд, уыцы ӕвзыгъд лӕппутӕ (уалдзӕджы та вӕййы чызджыты конкурс).

Бӕрӕгбонмӕ чи саккаг кодта, уыцы адӕмӕн зӕрдиаг салам ратгӕйӕ, фембӕлд амонӕг – «Иудзинад»-ы раздӕры стипендиат **Зӕгӕлты Дзерассӕ** сценӕмӕ рахуыдта ӕркасты архайӕг фӕсивӕды.

– Абон уӕ размӕ цы суинаг лӕппутӕ рахызтысты, уыдон сӕ царды нырма фыццаг къахдзӕфтӕ кӕнынц, уадиссаг ӕнтыстдзинӕдтӕ нӕма бафтыд сӕ къухы (уыдӕттӕ – Хуыцауы фӕндӕй – нырма разӕй сты). Фӕлӕ уал ныридӕгӕн дӕр фӕзминагӕй ӕвдисынц сӕхи: сты ахуыры раззагдӕртӕ, ӕгъдау ӕмӕ ӕфсармӕй хайджын, – бафиппайдта амонӕг.

Уӕдӕ мах дӕр базонгӕ уӕм семӕ: Джызӕлы скъола-интернаты ахуырдзау **Цыдаты Георги**, Ногиры 2-ӕм скъолайы ахуырдзау **Джиоты Артур**, Дзӕуджыхъӕуы 4-ӕм гимназы ахуырдзау **Дзӕгъойты Арсен**, Ӕрыдоны 3-ӕм скъолайы ахуырдзау **Лазарты Тамерлан,** Дзӕуджыхъӕуы 44-ӕм скъолайы ахуырдзау **Хъайтмазты Арсен,** Елхоты 3-ӕм скъолайы ахуырдзау **Бӕройты Чермен**, Алайнаг гимназы ахуырдзау **Цӕбиты Батрадз**, Беслӕны 8-ӕм скъолайы ахуырдзау **Сугъаты Алан,** Дигорайы 1-ӕм скъолайы ахуырдзау **Диамбегты Хетӕг,** Хъӕдгӕроны скъолайы ахуырдзау **Садыхъоты Георги** ӕмӕ Фарныхъӕуы скъолайы ахуырдзау **Джимиты Тамерлан**.

Конкурсы архайджытӕн арфӕ ракодта ӕхсӕнадон змӕлд «Иудзинад»-ы советы уӕнг, жюрийы сӕрдар **Мамытты Тамерлан** дӕр.

– Ацы хорз хъуыддаг чи ӕрхъуыды кодта, уыдонӕн бузныг зӕгъын. Мӕ зӕрдӕ рухс кӕны ахӕм суинаг кӕстӕртӕй, уыдонмӕ кӕсгӕйӕ, фидарӕй зӕгъӕн ис: не 'гъдау сӕфт никуы уыдзӕн. Ацы фӕсивӕды чи бацӕттӕ кодта, уыцы ахуыргӕнджытӕ ӕмӕ ныййарджытӕн – уӕлдай бузныг. Лӕппутӕ, уе 'ппӕтӕн дӕр мӕ зӕрдӕ зӕгъы уӕлахиз! Ног аз рӕдау разынӕд, йӕ хӕрзтӕй Ирыстон хайджын уӕд, – загъта Тамерлан.

Фембӕлд адарддӕр кодта амонӕг: «Куыд уымыдисаг уыдысты ӕркасты ӕппӕт хӕслӕвӕрдтӕ дӕр. Ӕмӕ кӕд хуымӕтӕг нӕ уыдысты, уӕддӕр лӕппутӕ бацархайдтой сӕ зонындзинӕдтӕ ӕмӕ арӕхстдзинад бӕстон ӕмӕ ӕппӕтвӕрсыгӕй равдисыныл…

Фӕсивӕд дзырдтой сӕ мыггаджы равзӕрды, йӕ истори ӕмӕ абоны царды тыххӕй, рӕгъмӕ рахастой,

нӕм, афтӕмӕй жюрийы уӕнгтӕ цӕттӕ сты сӕ бӕрнон куыстмӕ, уӕдӕ ерысы архайджытӕ ӕмӕ сӕ фарсхӕцджытӕ дӕр ӕнӕрхъӕцӕй ӕнхъӕлмӕ кӕсынц нӕртон ӕркасты райдайӕнмӕ… Уӕдӕ райдайӕм… Лӕппутӕ, бирӕ уын бантысӕд! Лӕгты дзуары уазӕг ут!»

Уыцы ныхӕстимӕ бацайдагъ фӕсивӕдон ерыс. Цыӕрвадӕлтӕ сӕрбӕрзонд кӕмӕй сты, уыцы сгуыхт адӕймӕгты цардархайды хабӕрттӕ.

«Ирон ӕмбисонд зӕгъы: «Дуры гуыбынӕй ничи равзӕрд». Уый афтӕ амоны, ома, зӕххыл цӕрӕг алы адӕймагӕн дӕр ис ныййарджытӕ ӕмӕ райгуырӕн къона, уыдис ын рагфыдӕлтӕ. Йӕ мыггаджы равзӕрд, йӕ фыдӕлты цардвӕндаг зонын алкӕмӕндӕр у ахсджиаг хӕс», – уыцы хъуыдыимӕ конкурсы архайджытӕ разы кӕй сты, уый бӕрӕг уыд сӕ ранызасӕй. Бӕстон ӕмӕ цымыдисаг хабӕрттӕ ракодтой сӕ мыггӕгты тыххӕй. Ацы темӕйыл зонындзинӕдтӕй хорз ифтонг разындысты. Ӕркаст дӕр сын, ӕнӕмӕнг, фӕпайда – ерысмӕ цӕттӕ кӕнгӕйӕ, дзӕвгар фылдӕр хабӕрттӕ базыдтой ӕмӕ раиртӕстой…

«Ирон бӕрӕгбӕттӕ нӕ адӕмы ӕнусон хӕзнатӕ сты, фӕлтӕрӕй-фӕлтӕрмӕ цӕуынц. Уыдон царды скъола сты, ирдӕй сӕ зыны адӕмы уды сконд, Ирыстоны фарн. Ӕмӕ сӕ хъуамӕ хъахъхъӕнӕм цӕсты гагуыйау, фидӕны фӕлтӕртӕм сӕ адӕттӕм сыгъдӕг ӕмӕ рӕсугъдӕй», – амонӕджы уыцы ныхӕстӕй райдыдта ерысы иннӕ къӕпхӕн. Бӕрӕг сӕ куыд у, афтӕмӕй лӕппуты хъуыд ирон бӕрӕгбӕтты, сӕ арф хъуыды ӕмӕ мидисы тыххӕй радзурын. Ӕмӕ уыцы хӕслӕвӕрд дӕр ерысгӕнджытӕ ӕнтыстджынӕй сӕххӕст кодтой…

Дарддӕр ӕркасты архайджытӕ залы бадӕг адӕмы арӕхстджынӕй базонгӕ кодтой чызгӕрвыст ӕмӕ чындзхасты ӕгъдӕуттимӕ. Уый фӕстӕ та ныхас адарддӕр ирон фынджы ӕгъдӕутты хабӕрттӕй…

→ 5

# не ’ппæт дæр – Иры лæппутæ



4 ←

Уæдæ чи æмбылдта ирон лæджы кафын æмæ зарынæй! Конкурсы радон æмæ кæронбæттæн хæслæвæрд баст уыд аивадимæ. Лæпputæ сæ арæхстдзинад равдыстой кафынæй, зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæ кæсынæй.

Иу иннæйы фæстæ лæпputæ хызтысты сценæмæ, ерысмæ сæхи хорз кæй бацæттæ кодтой, уый бæрæг уыд. Уыцы рæстæг жюрийы уæнгтæ та æркасты алы къæпхæнæй дæр хатдзæгтæ кодтой…

Уæдæ, алы ерысы дæр сбæрæг вæййынц хуыздæртæ. Уый фæдыл кæронбæттæн бæрæггæнæнтæ сфидар кæныны рæстæг дæр ралæууыд. Жюрийы уæнгтæ сæ хъуыдытæ бабæстон кодтой æмæ рæгъмæ рахастой сæ иумæйаг уынаффæ.

Афтæмæй ацы хатт дæр республикон æркаст-конкурс «Ирон дæн æз»-ы уæлахиздзаутæ систы æртæ лæппуйы.

Алайнаг гимназы минæвар **Цæбиты Батрадзæн** саккаг кодтой æртыккаг бынат (йæ ахуыргæнæг – **Чеджемты Фаризæ**).

Дыккаг бынат райста дзæуджыхъæуккаг **Хъайтмазты Арсен** (йæ ахуыргæнæг – **Битарты Светланæ**).

Фыццаг бынат раттой Фарныхъæуы минæвар **Джимиты Тамерланæн** (йæ ахуыргæнæг – **Хуыгъинаты Маринæ**).

Алы хатт куыд вæййы, афтæ та ныр дæр уæлахиздзаутæ æмæ сæ ахуыргæнджытæн саккаг кодтой æхцайы премитæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, æркасты дипломтæ æмæ æндæр зæрдæлхæнæнтæй дæр хорзæхджын æрцыдысты ерысы æппæт архайджытæ æмæ сæ ахуыргæнджытæ.

Конкурсы архайджытæн, сæ ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджытæн арфæйы ныхæстæ загътой жюрийы уæнгтæ, иннæ кадджын уазджытæ, «Иудзинад»-ы минæвæрттæ…

– Мадæлон æвзаджы кад æмæ йæ дарддæры райрæзтыл удуæлдай куыст чи







кæны, уыцы сылгоймæгтæ æнæкæрон бузныджы аккаг сты. Ирыстонæн, уæ хъомылгæнинæгтæн цы стыр лæггæдты бацыдыстут, уыцы арфæйаг хъуыддæгтæй хайджын уæнт уæ бинонтæ, уæ ахуыргæнинæгтæ. Сылгоймаг-ахуыргæнæг канд скъолайы бæрнон кусæг нæу, фæлæ ма у царды мидæг нæлгоймагæн фидар æмкъай, хъæбултæн – адджын, фæлмæн мад, уазæгæн – бæркадкъух æфсин… Уыцы фæзминаг миниуджытæй хайджын стут, – уыцы ныхæстимæ ирон æвзаджы ахуыргæнджытæн залы бадæг адæм сарæзтой къухæмдзæгъд…

Æнæмæнг, Иры дзыллæйæн радон хатт рæсугъд бæрæгбон балæвар кодта æхсæнадон змæлд «Иудзинад». Æркастмæ чидæриддæр бар дардта, уыцы адæмы та ногæй æрбаиу кодтой ирондзинад, мадæлон æвзагмæ уарзондзинад, фыдæлтыккон æгъдæуттыл æнувыддзинад…

Бузныг, «Иудзинад»! Дæ фæрныг хъуыддæгтæй алкæддæр райгонд у!

**КАЛМАНТЫ Аслан**

Удварны хæзнатæ

# Рæстæйы бæрæгбон

**Хуры тынтæ бæстæ куыд рухс кæнынц, афтæ сылгоймаг дæр йæ уды хъармæй тавы йæ бинонты, ауды йæ уарзон адæмыл, æнæвгъауæй сын лæвар кæны йæ рæвдыд æмæ къухты фæллой. Æхсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы цур кусы сылгоймæгты къорд. Алы кары, алы дæсныйæдтыл хæст, уыимæ, Ирыстоны алы горæттæ æмæ хъæуты минæвар сылгоймæгты иу кæны нæ рагфыдæлты æгъдæуттæм, рæсугъд бæрæгбæттæ æмæ традицитæм уарзондзинад.**

Нæ хистæртæн сæ цард уыд æгъдауыл æвæрд æмæ сæ кæстæртæн фæдзæхстой, цæмæй йæ дарддæр хæццæ кæной кадимæ.

Уалдзæг ралæууыд, æрдз базмæлыд. Уалдзæгау сылгоймаг дæр у цардæттæг. Æвæццæгæн, уымæн ирон адæм ацы бонты бæрæг кодтой Рæстæйы бон, сæ хъуыддæгтæ, сæ фæндтæ æмæ бæллицтæ иууылдæр цæмæй рæстмæ уой. Хуымætæг бæрæгбон нæу, уымæн æмæ йæ архайджытæ уыдысты æрмæстдæр сылгоймæгтæ – гыццылæй-стырæй...

Уыцы бон мах иууылдæр æвдисæн уыдыстæм, «Иудзинад»-ы сылгоймæгты къорд цы аив æмæ зæрдæмæдзæугæ бæрæгбон бацæттæ кодта, уымæн.

**Галазты Ирæ, Томайты Светæ, Боцииты Заремæ, Дзиуаты Анджелæ, Чегаты Алинæ, Гуæцъæты Ларисæ, Гуыбиаты Роксанæ** æмæ иннæтæ сæ хъуыдытæ рахастой фæсивæды размæ.

Цард цæуыл æнцайы, размæ цæй фæрцы цæуы, уыцы æнусон æгъдæуттæн аргъ кæнгæйæ, сарæзтой Рæстæйы бæрæгбон, æрхуыдтой бирæ уазджытæ. Бацæттæ кодтой иумæйагæй рагон ирон хæринæгты равдыст. Хъыгагæн, иуцасдæр рохуаты аззадысты æмæ бирæтæ нал зонынц, цы сты сир, къæлуа, дзæрна, æмыстæ, фиуджынтæ... Фысымтæ фембæлдмæ æрбацæуæг адæмæн радзырдтой, иу кæнæ иннæ хæринаг куыд æмæ цæмæй конд у, уый.

Фыдæлты æгъдаумæ гæсгæ, фынгыл хистæрты раз – æртæ чъирийы, къуымæл, дзыкка, кæсаг, цæкуытæ, мыд æмæ æндæр хæрзад хойраг.

Хистæр сылгоймаг арфæ ракодта Рæстæйы боны кадæн.

– Абоны циндзинадæй алы сылгоймаг дæр хайджын уæд! Афæдзæй-афæдзмæ ацы бонмæ æнхъæлмæ кæсæм. Цæмæй Хуыцауыл, Мады зæдыл бафæдзæхсæм, цы чызджытæ нæм райгуырд, нырма хъомыл чи кæны, фидæны чындзыты, абоны къæбæргæнæг алы кары сылгоймæгты. Сæ нымæц фылдæр куыд кæна æмæ æнæнизæй, амондджынæй сæ бинонтимæ зæрдæрухсæй куыд цæрой. Нæ мойгæнæг чызджытæ уындæй, кондæй æххæст куыд уой, сæ амонд куыд æссарой, бирæ азты хъæлдзæгæй куыд цæрой, бирæ сывæллæттæ сын куыд уа, Мады зæд уыцы хорздзинæдтæ ракæнæд, – ацы ракуывдмæ хъусæг сылгоймæгтæ Хуыцауæн табу дзырдтой, уырдыг лæугæйæ.

– Алы ныййарæг дæр йæ кæстæры фæдзæхсы Майрæмыл, Мады зæдыл. Нæ дзæбæх чызджытæ, Ирыстоны сомбон, йæ рæсугъд фидæн сымах стут. Уæ нанатæ, уыдоны хистæрты æгъдау, æфсарм, ирондзинад сæфын ма бауадзут. Махæн нæ хæс у уыцы æгъдау бинонтæ æмæ адæмы 'хсæнмæ хæссын. Ирыстон кæстæртæй цух куы нæ уа, уæд фидар уыдзæн – уый ма рох кæнут. Чи æрбакуывта бæрæгбонмæ, уыдон абонæй фæстæмæ ноджы амондджындæр, ноджы æнтыстджындæр уæнт, – ракуывта дыккаг хистæр.

– Цины бæрæгбон нæм æрцыдис, райдзаст уæд уæ цард. Уæ зæрдæты уарзондзинад, æрмæстдæр æхсызгон æнкъарæнтæ куыд уа, ахæм арфæ уын кæнын, – уыдис æртыккаг хистæры ныхас.

Циндзинады 'гъдау фидауы кафтæй, фæндырдзагъдæй. Хъазтмæ рахызтысты чызджытæ, сылгоймæгтæ, ам дæр та сæ арæхстдзинад равдыстой.

Бæрæгбоны фидауц уыдысты æрыгон чызджытæ ирон разгæмтты. Уыдонæй иу – **Гуыбиаты Миланæ**, Æрыдоны 1-æм скъолайы 8-æм къласы ахуырдзау. Рагон ирон æгъдау амыдта, иугæр чызгыл 15 азы сæххæст, уæд ыл кодтой разгæмттæ, уæдæй фæстæмæ йын уыдис хъазтмæ цæуыны бар йе 'фсымæртимæ. Чызджы бинонтæ æрбахастой ирон хуын, бæгæныйы къусæй хистæр сылгоймаг скуывта æмæ Миланæйы бафæдзæхста Хуыцау æмæ Мады зæдыл, дæ хабæрттæ, дæ фæндтæ рæстмæ уæнт, зæгъгæ.






Бæрæгбоны цымыдисæй архайдтой Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты ирон филологийы факультеты студенттæ, сæ декан **Гуытъиаты Эльмирæ** æмæ ахуыргæнæг **Хуыдæлты Маринæйы** разамындæй. Чызджытæн ацы фембæлд сæ зæрды кæй баззайдзæн, уый дызæрдыггаг нæу.

– Бузныг зæгъын, ацы рæсугъд бæрæгбон чи сарæзта, уыдонæн. Ме 'мбал чызджытимæ бирæ ногдзинæдтæ базыдтам, хистæрты фæдзæхстытæ нæ зæрдыл бадардзыстæм, ирон сылгоймагыл цы хæстæ æвæрд ис, уый æххæст кæныныл архайдзыстæм. Хъазт кæй сарæзтой, уый дæр фæцыд мæ зæрдæмæ, – загъта 2-æм курсы студенткæ, хъæдгæройнаг чызг **Дзахоты Ангелинæ**.

Уалдзæгимæ нæм æрцыд рæсугъд бæрæгбон – Рæстæйы бон. Царды фæндæгтыл цæугæйæ, алы сылгоймаг дæр æнæниз, арфæгонд æмæ цардæфсæст уæд!

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

**Уалдзæг ралæууыд, æрдз базмæлыд. Уалдзæгау сылгоймаг дæр у цардæттæг. Æвæццæгæн, уымæн ирон адæм ацы бонты бæрæг кодтой Рæстæйы бон, сæ хъуыддæгтæ, сæ фæндтæ æмæ бæллицтæ иууылдæр цæмæй рæстмæ уой. Хуымæтæг бæрæгбон нæу, уымæн æмæ йæ архайджытæ уыдысты æрмæстдæр сылгоймæгтæ – гыццылæй-стырæй...**

Спорты национ хуызтæ

# "Иудзинады Зилахар": Дзæгъойты командæйы уæлахиз

«Гъе, ахæм арфæйаг хъæппæрисыл бакуыстой «Иудзинад» æмæ «Ирон Федераци» æмæ Уастырджийы кувæн къуырийы кадæн сарæзтой цымыдисаг ерыстæ фæсивæды 'хсæн. Зæрдæ дарæн ис, уыцы фæрнджын хъуыддаг фæткон кæй суыдзæн, ууыл. Æмæ дызæрдыггаг нæу, фидæны ерысты ноджы фылдæр ирон мыггæгты командæтæ кæй архайдзысты, уый», – ахæм хатдзæг нæ редакци скодта «Иудзинады Зилахар»-ы фыццаг ерыстæй. Æхсызгон у, уыцы ныхæсты рæстдзинад дарддæры рæстæг кæй равдыста, уый. Уымæн ирд æвдисæн – спорты национ хуызтæй мыггæгты 'хсæн æртыккаг республикон ерыстæ.





Фæззæджы, Уастырджийы кувæн къуырийы агъоммæ, турниры ахайджытæ æмæ сæ фарсхæцæджытæ радон хатт æрбамбырд сты Октябрыхъæумæ, Тедеты Елхъаны номыл спортивон галуанмæ.

Æхсæнадон змæлд «Иудзинад» æмæ иугонд «Ирон Федераци» сæ ныхасæн хицау разындысты æмæ бакуыстой æртыккаг турнир бацæттæ кæныныл. Уыимæ, «Иудзинады Зилахар»-ы ахадындзинад хынцгæйæ, ногæй сæ фарсмæ балæууыдысты дунеон æхсæнадон змæлд «Иры Стыр Ныхас» æмæ РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрад дæр.

Ацы хат «Иудзинады Зилахар»-ы архайæг уыдысты 8 ирон мыггаджы минæвæрттæ: **Багатæ, Гаглойтæ, Гуырцъытæ, Дзæгъойтæ, Фæрниатæ, Хуыбиатæ, Хуыгатæ** æмæ **Цгъойтæ.** Ерысты архайджытæ уыдысты, 18 азæй 35 азы онг кæуыл цæуы, ахæм фæсивæд (æдæппæт – 100 адæймаджы бæрц). Сæ хъомыс æмæ арæхстдзинадæн та сын аргъгæнæг уыдысты тæрхонгæнджытæ æмæ жюрийы уæнгтæ, стæй, кæй зæгъын æй хъæуы, бæрæгбонмæ чи сакаг кодта, уыцы спортуарзджытæ.

Ерысты номхыгъды уыдысты спорты ахæм хуызтæ: дур æппарын, чъоппæй хъазын, ивазæнтæ, бастæй хæст, фат æхсын æмæ хъил ивазын (фыццаг турниры дисциплинæтæ уыдысты фондз, фæстæдæр ма сыл бафтыд иу спортивон хуыз). Ерысы фондз хуызæй тыхджындæртæ æвзæрст цыдысты лæгæй-лæгмæ тохы, æхсæзæм хуызы та – командон уагæй.

Уымæй уæлдай, фыцаг ерысты куыд уыд, афтæ ныр дæр алкæцы командæйы хæс дæр уыд саразын мыггаджы презентаци – радзурын йæ равзæрды хабæрттæ, йæ зынгæдæр минæвæртты тыххæй...

Афтæмæй, хæлттæппарæны фæстæ, нысангонд рæстæгыл командæтæ бацыдысты тохы... Кæй зæгъын æй хъæуы, алкæцы мыггаджы минæвар дæр архайдта йæ хъарутæ æххæстæй равдисыныл, йæ ныхмæлæууæгыл фæуæлахиз уæвыныл. Трибунæтыл чи бадт æмæ залы чи уыд, уыцы адæм дæр-иу сæ разæнгард кодтой ныфсы ныхæстæ æмæ тыхджын къухæмдзæгъдæй.

Нысангонд æмгъуыдмæ сбæрæг сты æппæт хуызты уæлахиздзаутæ æмæ призертæ дæр.

Афтæ, дур æппарынæй тыхджындæр разындысты: **Хуыбиаты Хетæг** (фыццаг бынат), **Багаты Сослан** (дыккаг бынат) æмæ **Фæрниаты Аслан** (æртыккаг бынат).

Чъоппæй хъазынæй: **Хуыбиаты Алан** (фыццаг бынат), **Багаты Артур** (дыккаг бынат) æмæ **Хуыгаты Вадим** (æртыккаг бынат).

Ивазæнтæй: **Хуыгаты Батрадз** (фыццаг бынат), **Гуырцъыты Таймураз** (дыккаг бынат) æмæ **Дзæгъойты Олег** (æртыккаг бынат).

Бастæй хæстæй: **Гаглойты Марат** (фыццаг бынат), **Дзæгъойты Ацæмæз** (дыккаг бынат) æмæ **Фæрниаты Аслæнбег** (æртыккаг бынат).

Фат æмæ æрдынæй æхсынæй: **Дзæгъойты Алыксандр** (фыццаг бынат), **Багаты Хетæг** (дыккаг бынат) æмæ **Гаглойты Инал** (æртыккаг бынат).

Хъил ивазынæй командон ерысты та хуыздæрты номхыгъд рауад ахæм: **Дзæгъойтæ** (фыццаг бынат), **Гаглойтæ** (дыккаг бынат) æмæ **Хуыгатæ** (æртыккаг бынат).

Уыимæ, алкæцы командæйы кæронбæттæн хыгъдмæ, комкоммæ спортивон ерысты бæрæггæнæнтæй уæлдай, уæлæмхасæн баллтæ æфтыд цыдысты мыггаджы презентацийы тыххæй дæр.

Уыйадыл ерыс къæпхæнгай æрцыд йæ кæронмæ. Алкæцы спортивон хуызы тæрхонгæнджытæ сæ хатдзæгтæ балæвæрдтой жюрийы уæнгтæм. Æппæт бæрæггæнæнтæм дæр бæстон æркæсгæйæ, алкæцы командæйы уæнгты арæхстдзинад дæр раиртасгæйæ, жюри йæ уынаффæтæ фехъусын кодта.

Кæронбæттæн хатдзæгтæ рауадысты ахæм: **Дзæгъойтæ** (фыццаг бынат), **Хуыбиатæ** (дыккаг бынат) æмæ **Багатæ** (æртыккаг бынат).

Турниры æппæт архайджытæн дæр арфæ ракæнгæйæ, «Иудзинад» æмæ «Ирон Федераци»-йы минæвæрттæ ерысы уæлахиздзаутæ æмæ призертæн саккаг кодтой дипломтæ æмæ æхцайы премитæ. Афтæ, фыццаг бынат бацахсæг командæйы приз уыд 80 мин сомы, дыккаг бынатæн – 55 мины æмæ æртыккаг бынатæн – 30 мин сомы.

Бæрæгбоны кæронбæттæны ерысы æппæт архайджытæ дæр акодтой Нæртон симд...

**КАЛМАНТЫ Аслан**

Таурæгъ

# Куыцыччы хъысмæт

Мызуры иу бинонты 'хсæн равзæрдис лæппу. Цин кодтой адæм ноггуырдыл, куывд сарæзтой, хъазт æмæ топпы гæрах дæрдтыл айзæлыд. Номæвæрæг лæппуйыл сæвæрдта Куыцыкк.

Лæппу йæ райгуырдæй рынчын рахаста, уыд цæлмартæн. Куы рахъомыл, уæддæр иннæ сывæллæттимæ йæ бон уыйбæрц хъазын нæ уыд.

Куыцыкк йæхи æмбарынхъом куы фæцис, уæд федта марды хабар. Афтæмæй сывæллон бамбæрста, йæ цардæн кæрон кæй ис. Æмæ йæ уæнгты бацыдис стыр тас, æхсæв-иу фырадæргæй йæхи цы фæкодтаид, уый нал зыдта.

Уыцы сабийы тæригъæдмæ кæсын йæ Хуыцауы хайы бон нал уыд æмæ сывæллонæн йæхи раргом кодта, зæронд лæджы хуызы йæм æрцыдис. Лæппуйы йæ хъæбысы бакодта æмæ йын загъта: «Ма тæрс, Куыцыкк, æз дæ фарсмæ уыдзынæн æмæ дæм адзал не 'рбауадздзынæн».

Афтæ, Куыцыккæн фæзындис æргом ныхас кæимæ кодта, ахæм стыр æмбал. Куы-иу æрталынг, уæд-иу лæппу афарста: «Ам дæ?» «Ам дæн»-иу куы фехъуыста, уæд-иу йæ Хуыцауы хаймæ алыхуызон фæрстытæ дæттын райдыдта æмæ-иу алкæддæр бæстон дзуапп райста.

Уый фæрцы Куыцыкк æмбарын байдыдта царды бындур: кæй ис рахизæн ахъазгæнджытæ – зæдтæ æмæ дауджытæ, æмæ галиуыл ардауджытæ – Сæрсæфæг сæ уæлейы, афтæмæй.

Лæппу æргомæй уынын æмæ иртасын райдыдта зæдтæ æмæ дæлимонты ныхмæлæуддзинад. Рахизæн йæ хъару – æргом куывд Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм. Æмæ галиуæн та – йæ фыдбылыз, йе 'лгъыст æмæ йе 'нæфсисдзинад.

Уæдмæ Куыцыккыл сæххæст 7 азы бæрц, сбадт ыл рынчын, æдылыгонд сывæллоны ном.

Уыцы рæстæг Уæрæсейы паддзахад бельгийæгтæн хаццоны радта Садоны æрзæткъахæн зæххытæ. Бельгийаг инженертæ æрзæткъахæнты кусын куы райдыдтой, уæд сæхицæн рæстæгмæ цæрæн бынæттæн агуырдтой хохаг адæмы хæдзæрттæ. Афтæмæй сæ иу – хæххон инженер Франц æрцард Куыцыччы бинонты хæдзары.

Франц-иу фæскуыст хæдзармæ куы 'рбацыд, уæдиу, йæхи сывæллæтты мысгæйæ, хъазыд Куыцыккимæ. Лæппу дæр ыл сси тынг æнувыд. Афтæмæй йæ инженер сахуыр кодта францаг æвзагыл. Лæппу дæр æнцонæй фæцалх францаг чингуытæ кæсыныл. Франц уыд ахуыргонд адæймаг, йемæ дæр бирæ чингуытæ сласта. Куыцыкк сæ кæсынæй не 'фсæст, йæ бирæ фарстытæн та-иу ын Франц радта æххæст дзуаппытæ.

Æртæ азы бæрц куы рацыд, уæд Франц æрлыгъд Мызуры бынмæ – уыцы рæстæгмæ сын уым сарæзтой цæрæнуæттæ æмæ кусæн бынæттæ. Куыцыччы ныййарджытæн Франц загъта, ауадзут лæппуйы мемæ, ницы цух уыдзæн, зæгъгæ. «Сабат æмæ-иу хуыцаубоны та уæхимæ ссæудзæн», – йæ хъуыды фæбæлвырд кодта инженер.

Францы æмкусджытæ дæр Куыцыччы бирæ бауарзтой. Лæппу иннæ сывæллæтты хуызæн нæ уыд, йæ цыргъзонд фарстытæн-иу алкæйы бон нæ бацис дзуапп раттын. Сывæллонмæ та стырдæр хæзна каст чиныг, бельгийæгтæн-иу балæгъстæ кодта, цæмæй йæм сæ чингуытæ кæсынмæ авæрой. Æмæ-иу Мызурмæ куы ссыд, уæддæр-иу чингуытæ схаста йемæ.

Уæллаг Мызуры цæрджытæ комкоммæ кæсын дæр цы кувæндæттæм нæ уæндыдысты, уыцы бынæттæм-иу Куыцыкк йæ чингуытимæ ссыд. «Рынчын Куыцыкк та æргом зæдтимæ дзуры», – загътой-иу адæм.

Афтæмæй Куыцыкк йæ кары бацыдис. Бельгийæ æрвыст хицауад дæр ивгæ цыдысты, фæлæ-иу æрзæткъахæнты ног чи фæзынд, уыдон дæр-иу лæппумæ хорз цæстæнгас дардтой, бабар-иу ын кодтой куыстадон дæлхайæдты 'хсæн фыстæджытæ хæссыны куыст. Ком æй иууылдæр зыдтой, æмæ-иу ыл куы кæм сбон, куы кæм.

Иу æхсæв Куыцыкк баззад, Бызы бын цы харчевнæ уыд, уым. Харчевнæйы къуымы куыддæр æрфынæй, афтæ æддейы уынæр райхъуыст. Харчевнæ базмæлыд.

Уæдмæ мидæмæ æрбахызт уырыссаг инæлар йæ фæсдзæуинтимæ æхсæвиуат бакæнынмæ. Инæлары 'ххуырст рæвдз кодта кусджыты: «Инæларæн – æхсæвæр, бæхтæн – холлаг»... Харчевнæйы кусджытæ айтæ-уйтæ нал фæкодтой, цырæгътæ ссыгътой æмæ февнæлдтой æхсæвæр цæттæ кæнынмæ.

Инæлар дæр, æхсæвæрмæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, фынджы уæлхъус æрбадт. Иуафон къуымы фæкомкоммæ Куыцыккмæ æмæ харчевнæйы хицауы уырыссагау афарста: «Ацы гæвзыкк лæг чи у?» Уый йын дзуапп радта: «Куыцыкк у, сæрæй бынтон æххæст нæу. Ирон адæм комкоммæ фæкæсын дæр кæдæм нæ уæндынц, уыцы кувæндæттæм бацæуы æмæ æхсæвы уым баззайы. Иу ныхасæй, æдылы бын».

Инæлар Куыцыккмæ бакаст æмæ кусæгæн бафæдзæхста: «Уымæн дæр йæ разы исты æрæвæрут». Лæппулæджы раз комдзаг куы æрæвæрдтой, уæд уый инæларæн францаг æвзагыл «бузныг» загъта. Инæлар хорзау нал фæцис.

– Владеете французским? – бафарста лæппуйы.

– И не только французским, – уыд йæ дзуапп Куыцыккæн.

Инæларæн ма йæ дисæн кæрон кæм уыд. Куыцыччы йæ фынгыл æрбадын кодта.

– Неплохо было бы перед вечерней помолиться, – йæ ныхас адарддæр кодта инæлар.

– Лучше и правильнее будет вознести молитву Творцу нашему по осетинскому обычаю, – дзуапп ын радта Куыцыкк.

– Раз мы в Осетии, давайте поступим так, как вы говорите. Но я ваших обычаев не знаю. Сделайте это вы – готов выслушать вас, - сразы инæлар.

Уæд Куыцыкк харчевнæйы кусæгæн загъта, цæмæй йын иу сыкъа арахъ рауадза. Уайтагъд фынгыл графин февзæрд æмæ лæппумæ кувинаг радтой. Куыцыкк скуывта Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм, стæй кувæггаг авæрдта лæггадгæнджытæм.

Афтæмæй се 'хсæвæр адарддæр кодтой.

Инæлар бынтондæр дисы бацыд: куыд нымайынц ацы лæджы æдылыйыл, цалдæр æвзаджы куы зоны, йæ алы ныхасы дæр уæз куы ис, уæд... Фæрсын æй



райдыдта, цавæр бындуртыл лæууы ирон æгъдау, Хуыцаумæ кувыны фæтк. Куыцыкк ын радзырдта, францаг æвзагыл æй бельгийæгтæ кæй сахуыр кодтой, уый дæр.

Кувыны æгъдæуттæ та йын бамбарын кодта афтæ: «Зæххыл цæрæг адæмтæн сæ фылдæр динтæм гæсгæ, сæхи хонынц Хуыцауы уацайрæгтæ. Кæцыдæртæ (уыдонимæ дзуттæгтæ дæр) сæхи нымайынц Хуыцауы цотыл. Ирæттæ та зæгъынц афтæ: ацы дуне чи сфæлдыста, уый у махæн Хуыцау. Мах та раиртæстам æмæ сфæлдыстам нæхицæн Хуыцау, æмæ йæм сыгъдæгзæрдæйæ æртæ уæливыхæй кувæм».

Инæлармæ уый дæр диссаг фæкаст. Ирон адæм уацайрæгтæ дæр не сты, йæ цот дæр не сты, фæлæ Хуыцауæн сты йе сфæлдисæг. Ахæм хъуыдытæ йæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты, рафыхт æмæ загъта: «Так вы и вправду дурак, общаетесь с духами. Как же можно ваши языческие воззрения сравнивать со Священным писанием?»

– А как же быть народам, у которых нет письменности? Ведь бумага терпит – хоть слева направо, хоть справа налево – все, что на ней напишешь. Я знаком с работами, и античных, и современных авторов, таких, как Кант и Гегель. А французский философ Монтень прямо пишет, что нельзя постичь Бога неведомого и непостижимого. И только избранным он может немного приоткрыться, – загъта Куыцыкк.

Инæларæн йæ маст йæ хъуырмæ схызт: «Не вы ли тот избранный? Дурачок, который общается с духами?»

– Не знаю... Но сейчас мы находимся под покровительством Святого Черного всадника, его пещера расположена недалеко отсюда. И было бы правильно поднять тост в его честь, – дзуры Куыцыкк.

Инæлар фæгæпп кодта æмæ скалдта: «Да как вы смеете какого-то идола ставить выше Иисуса? Сейчас же прикажу всыпать вам плетей, и тогда посмотрим, как вам поможет ваш Черный всадник...»

Йæ ныхас нæма фæци, афтæмæй зæхх нынкъуысыд æмæ стъол бауигъæгау кодта. Æххуырстытæ лидзæг фесты. Инæлар та афæлурс æмæ адæргæй бандоныл йæхи 'руагъта.

Куыцыкк мидбылты бахудт æмæ загъта: «Не испытывайте судьбу, генерал». Уыцы ныхæстимæ райста сыкъа æмæ скуывта Сау барæджы Уастырджимæ. Инæлар дæр дыууæ нал загъта, уайтагъд йæ сыкъа анызта.

Афтæ, сæ ныхæстæ фæкодтой боныцъæхтæм...

Иуафон инæлармæ æрцыдис ахæм хъуыды – ацы лæджы Бетъырбухмæ æнæ ласгæ нæй. Уымы раззагдæр адæм хъуамæ феной, Иры дзыхъхъы цы диссаджы адæймаг ис, уый.

Уый адыл Куыцыккæн лæгъстæ кæнын райдыдта: «Цом мемæ æмæ дын Уæрæсе фенын кæнон... Дæ зонындзинæдтæн дын хъуамæ аргъ скæной бæстæйы раззагдæр адæймæгтæ. Дæ фæндаггаджы хæрдзтæ иууылдæр мæхимæ райсдзынæн, уыдзынæ мæ уазæг».

Куыцыкк сразы.

Йæ мæгуыр дзаумайы арæзтмæ йын æркаст инæлар æмæ йе 'ххуысгæнджытæн загъта: «Мæ фæндаггон уæлæдарæсæй йын фæхай кæнут». Куыцыккыл аив абадтысты инæлары дзаумæттæ.

Инæлары бидаркæйы ссыдысты Мызуры бынмæ. Уæд инæлар загъта: «Æз дæн фæндæгты арæзтадмæ цæстдарæг. Мæ балц у Зæрæмæгмæ. Æртæ боны фæстæ ногæй ам, Бызы бын, уыдзынæн. Уыцы ран дæм æнхъæлмæ кæсдзынæн».

Уыцы ныхæстимæ ма инæлар лæгæн радта цалдæр туманы – дæ бинонтæн сæ ныууадздзынæ, зæгъгæ.

Куыцыкк хæдзармæ хæрзарæстæй куы ссыд, уæд хъæубæсты дисæн кæрон нал уыд – инæлары уæлæдарæс цæхæртæ калдта...

Сывæллæттæ дæр-иу йæ фæдыл дугъ кодтой: «Радзур ма нын истытæ мæргъты æвзагыл». Æмæ та-иу сын уæд Куцыкк кæсын райдыдта Шекспиры æмдзæвгæтæ англисаг æвзагыл. Сывæллæттæ-иу ныххудтысты: «Æрра Куцыкк мæргъты æвзагыл дзуры»...

Цыбыр рæстæгмæ хъæуыл айхъуыст, уырыссаг инæлар Куыцыччы йемæ Бетъырбухмæ кæй ласы, æмæ йæм нысангонд рæстæг Бызы бынмæ кæй æнхъæлмæ кæсдзæн, уый.

Афон куы 'рцыд, уæд Куыцыкк йæ фæндагыл фæраст. Йæ фæндаг фæцыбыр кæныны нысанимæ ацыд Ксурты уылты. Хъæуæй куы ахызт, уæд хъæды астæу йæ размæ бабадтысты абырджытæ. Кæд сæ цæсгæмттæ бамбæхстой, уæддæр сæ Куцыкк базыдта, сæ нæмттæй сын «æгас цæут» загъта.

– Дæуæн дæр дæ фæндаг раст, Куыцыкк. Дард балцы цæуыс, фехъуыстам...

– О, – дзуапп сын радта Куыцыкк.

– Инæлар, дам, дæ 'хцайы бын фæкодта. Нард уарай, фæхай дзы кæн махæн дæр...

Куыцыкк йæ мидбылты бахудт:

– Куы сæ ныууагътон мæ ныййарæгæн, ницы мæм ис.

– Æмæ ацы уæлæдарæс та?

– Сымах уæд, кæд мæ бынтон бæгънægæй нæ ныууадзиккат...

– Ралас æй...

– Бынтон бæгънæгæй мæ куыд æрвитут?..

Абырджытæ сæхи мидæг скарстой: «Нæй йын ауадзæн – федта нæ, базыдта нæ».

Афтæмæй Куыцыккæн йæ фæстаг бон æрцыд...

Нысангонд рæстæгыл уырыссаг инæлар Бызы бынмæ сæмбæлд. Уæдмæ уæззау хабар харчевнæйы кусджытæм дæр байхъуыст, инæларæн æй бамбарын кодтой.

Инæлар йæ сæрыл дыууæ къухæй ныххæцыд, бамбæрста, æнæбары Куыцыччы кæй амарын кодта, уый. Йæ кæуын нал урæдта: «Какой несчастный народ, если лучших и просвещеннейших своих сыновей называют дураками и убивают за генеральский мундир»...

Куыцыччы мыггаджы зæппадзы бавæрдтой. Ныййарæг мад йæ хъарæджы марджыты ралгъыста, йæ тæригъæд ын фæхæссут, зæгъгæ...

Абон дæр уыцы абырджыты фæдонтæ адæмы 'хсæн цæрынц æмæ йын йæ тæригъæд хæссынц: бафсис сын ницæмæй ис, æфсымæр æфсымæры хурхыл сомы тыххæй бахæцдзæн.

Куыцыккæн та йе 'ртыккаг сабатизæр куы ахицæн, уæд йæ сыгъдæг уд ратахт зæппадзæй æмæ Хъæриуы хохы зæдты 'хсæн йæ бынат ссардта. Æмæ абон дæр ауды, ахуыр æмæ зонындзинæдты бæрзæндтæм чи тырны, уыцы адæмыл...

**Фæдисон**

ИУДЗИНАД
Учредитель
ООО "Сэвэр"

Редактор
Аслан СЛАНОВ
Редакционный совет:
Тамерлан МАРЗОЕВ, Сергей ТАБОЛОВ, Алан ТУАЕВ, Тамерлан ЦГОЕВ

Тираж 999
Заказ № 297
Время подписания в печать:
по графику — 19.00.
фактически — 18.00.
Бесплатно

➢ При перепечатке материалов ссылка на "Иудзинад" обязательна.
➢ Мнение редакции не всегда совпадает с мнением авторов.
➢ Ответсвенность за достоверность материалов несут авторы.

Адрес редакции и издателя:
362040, РСО — Алания, г. Владикавказ, ул. Маркова, 28.
Тел.: 50 — 12 — 24.
**email:** o.d.iudzinad@gmail.com **сайт:** www.iudzinad.ru
Отпечатано в АО "Осетия — Полиграфсервис"
Адрес типографии: РСО — Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.